

Kesyon Moun Poze Souvan sou CityFHEPS Pou Kliyan nan Kominote a (Haitian Creole)

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral sou pwogram èd pou lwaye CityFHEPS la. Enfòmasyon sa yo se pou moun New York yo ki gen lojman kounye a, men ki ta ka riske pèdi lojman an. Dokiman sa a pa la pou bay tout detay sou fonksyònman pwogram CityFHEPS la.

Kisa CityFHEPS ye?

CityFHEPS se yon pwogram èd pou lwaye pou ede moun ak fanmi jwenn ak kenbe lojman yo. Li sou administrasyon Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS), ki gen ladan alafwa Depatman Sèvis Sanzabri (DHS) ak Administrasyon Resous Imèn (HRA).

Se DSS sèlman ki kapab detèmine si w kalifye pou pwogram nan. Kalifikasyon w baze sou yon kantite faktè. Enfòmasyon ki anba a bay konsèy debaz sou fason pou detèmine kalifikasyon.

Kijan mwen ka jwenn CityFHEPS?

Pou yo kalifye pou CityFHEPS, moun nan kay yo dwe gen yon revni avan dediksyon ki nan 200% nivo povrete federal la oswa ki pi ba, epi yo dwe ranpli **youn** nan kat (4) kritè sa yo:

1. Fanmi an gen ladan yon moun ki te sèvi nan Fòs Lane Etazini epi ki riske pou vin sanzabri; **OSWA**
2. Kay la ap resevwa avantaj Pathway Home yo epi yo ka kalifye pou CityFHEPS si yo te nanabri DHS oswa HRA; **OSWA**
3. Yon pwogram kalifikasyon CityFHEPS te refere kay la, epi DSS te detèmine CityFHEPS te nesesè pou evite yo antre nan chèlètè a; **OSWA**
4. Fanmi ki dwe fè fas ak yon degèpisman nan tribinal (oswa yo te degèpi yo nan ane ki sot pase a)

EPI:

- Li gen ladan yon moun ki te viv deja nan yon chèlètè DHS; **OSWA**
- Li gen ladan yon moun ki gen yon dosye aktif nan Sèvis Pwoteksyon Adilt (Adult Protective Services, APS) oswa ki nan yon pwogram gad legal kominotè ki dezinye; **OSWA**
- Yo abite nan yon apatman ki gen pri lwaye kontwole epi yo pral itilize CityFHEPS pou yo rete nan apatman an.

Kijan pou mwen aplike pou CityFHEPS?

Pou aplike pou CityFHEPS, ou dwe kontakte youn nan founisè sèvis ki pa gen bi fè pwofi DSS ki rele Homepage. Gen plis pase 20 biwo toupatou nan senk minisipalite Vil New York yo. Ale sou sitwèb <https://www.nyc.gov/site/hra/help/homebase.page>.

Depi ou nan yon biwo Homepage, yon travayè sosyal ap kolekte enfòmasyon DSS bezwen pou evalye posiblite pou ou kalifye pou CityFHEPS.

Travayè sosyal la gendwa refere w pou w aplike pou lòt avantaj piblik, tankou pwogram federal ak Eta a pou èd pou lwaye.

Si yo jwenn kay ou kalifye pou lòt avantaj, epi yo ofri w yo, ou **oblige** aksepte yo. Pwogram CityFHEPS la egzije sa.

Kijan m ap konnen si m kalifye pou CityFHEPS?

W ap konnen si w ta ka kalifye pou CityFHEPS lè travayè sosyal ou fè w jwenn lèt DSS yo. Gen de (2) lèt ou kapab resevwa nan men travayè sosyal ou an.

Sa yo se “Lèt Acha (Shopping Letter)” a ak “Lèt Kotizasyon Moun nan Kay (Household Share Letter)” la. Fanmi k ap chèche rete nan lojman yo gen nan moman an oswa fanmi ki vle ale nan nouvo lojman, yo toude ap resevwa Lèt pou pòsyon kay la dwe peye, men se moun k ap chèche nouvo lojman sèlman k ap resevwa yon Lèt Acha.

Kalifikasyon w pou resevwa CityFHEPS ap baze sou yon kantite faktè, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, si wi ou non inite lojman ou idantifye a ranpli kondisyon CityFHEPS yo ak si wi ou non ou ranpli kritè kalifikasyon pou CityFHEPS yo.

Kisa pou m fè ak lèt (yo) mwen resevwa nan men travayè sosyal mwen an?

Lèt Kotizasyon Moun nan Kay la se **pou itilizasyon oumenm sèlman**. Li pa la pou w kominike bay mèt kay ou posib genyen yo ni bay koutye yo.

Lèt Kotizasyon Moun nan Kay la fè w konnen:

- Ki montan sipleman èd pou lwaye CityFHEPS ou posib jwenn;
- Yon estimasyon sou kantite nan pri lwaye a ou pral gen pou w peye (“kotizasyon moun nan kay” ou); ak
- Rezon kifè ou gendwa kalifye pou resevwa CityFHEPS.

Kisa pou m fè ak lèt (yo) mwen resevwa nan men travayè sosyal mwen an (Kontinye)?

Li enpòtan pou w repase enfòmasyon ki nan lèt ki endike Pòsyon kay ou dwe peye a pou asire yo bon. Si ou apwouve pou CityFHEPS ou pral resevwa yon lèt ki soti nan DSS ki endike definitivman pòsyon kay la dwe peye a. Si enfòmasyon w te chanje depi lè ou te resevwa Lèt pou pòsyon kay ou dwe peye a, montan Lèt Apwobasyon an endike ou pral oblije peye a ka diferan. Lèt Apwobasyon ou an gen montan kòrèk ou dwe peye a.

E si mwen vle rete nan lojman mwen genyen nan moman an?

Travayè sosyal ou an ap ede w ranpli yon aplikasyon pou CityFHEPS nan DSS, ki pral gen ladan kalifikasyon w, dokiman degèpisman ak dokiman sou aryere.

Kalifikasyon w pou resevwa CityFHEPS nan inite lojman ou gen nan moman an ap baze sou yon kantite faktè, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, si wi ou non inite lojman ou idantifye a ranpli kondisyon CityFHEPS yo, montan aryere lwaye ou yo, ak si wi ou non ou ranpli kritè kalifikasyon jeneral pou CityFHEPS yo.

E si mwen vle al abite nan yon nouvo lojman?

W ap resevwa yon Lèt pou pòsyon kay la dwe peye ak yon Lèt Acha. Lèt Acha ou an **valab pou 120 jou**. Dat ekspirasyon an endike sou Lèt Acha a. Depi ou fin gen lèt sa a, ou kapab kòmanse chèche yon lojman.

Ou ka kominike Lèt Acha a bay nenpòt mèt kay oswa koutye ou posib genyen. Lèt Acha a ap di oumenm, mèt kay la, ak/oswa yon koutye:

- Pri lwaye ki pi wo nan CityFHEPS a pral otorize pou kantite moun ki nan kay ou an ak ki kalite lojman (ki gen ladan apatman, chanm, SRO);
- Dokiman ki nesesè pou mèt kay la oswa koutye a bay pou kontinye evalyasyon kalifikasyon pou CityFHEPS la; epi
- L ap voye mèt kay ak koutye yo tou sou sitwèb nou an, www.nyc.gov/dsshousing, kote yo ka jwenn plis enfòmasyon sou ankourajman finansye yo ka kalifye pou resevwa.

Depi ou gen Lèt Acha a ak Lèt pou pòsyon kay la dwe peye a, ou ka kòmanse chèche yon apatman, yon chanm pou yon sèl moun (Single Room Occupancy, SRO), oswa yon chanm. Ou dwe jwenn yon posiblite pou opsyon lojman epi answit, kontakte travayè sosyal ou pou w fini aplikasyon ou an.

Depi ou fin jwenn yon posiblite lojman ki apwopriye pou kantite moun nan kay ou an epi ou kontakte travayè sosyal ou an, lè sa l ap soumèt aplikasyon w lan ak dokiman yo nan DSS nan non w pou nou kapab detèmine si w kalifye pou CityFHEPS.

Èske mwen dwe ap resevwa Èd Lajan Kach (Cash Assistance) pou mwen jwenn CityFHEPS?

Si kay ou kalifye pou Èd Lajan Kach, ou oblije ap resevwa avantaj sa yo. Anplis, ou pa kapab gen yon “sanksyon” sou dosye èd lajan kach ou. Yo mete yon sanksyon sou yon dosye lè oumenm, oswa yon moun nan kay ou an, pa respèkte règ DSS/HRA yo, epi kay ou resevwa mwens avantaj. Si oumenm oswa yon lòt moun nan kay ou gen yon sanksyon, ou dwe ale nan Sant Aksè ak Avantaj (Benefits Access Center) DSS/HRA ou pou retire sanksyon an anvan pou w kapab jwenn CityFHEPS.

Konbyen tan mwen ka kontinye resevwa CityFHEPS?

Anjeneral pwogram CityFHEPS la bay jiska kat renouvèlman anyèl, epi gen ekstansyon anplis ki disponib pou “rezon valab” (senk lane antou).

Kantite senk (5) ane maksimòm sa a pa aplike pou kay ki gen ladan yon moun ki gen 60 lane oswa plis, oswa ki gen ladan yon granmoun ki resevwa avantaj federal pou andikap. Renouvèlman yo disponib si kay yo kontinye ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo ak si kontinye gen finansman disponib.

Ki kalite lojman mwen kapab lwe avèk CityFHEPS? Ki kote mwen kapab itilize CityFHEPS mwen an?

Ou ka sèvi ak CityFHEPS la pou w lwe tout yon apatman nenpòt kote nan Eta New York la. Ou ka itilize CityFHEPS tou pou lwe yon apatman nenpòt kote nan Eta New York oswa Okipe yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO) nan senk (5) awondisman vil New York yo. Kantite lajan lwaye ak alokasyon ou resevwa nan dokiman sa ap valab sèlman si w al rete nan vil New York la. Si w ta gen lide demenaje kite Vil New York, men w ap toujou ret anndan Eta New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la pou w ka jwenn pri lwaye nan tout Eta a nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Yon sèl chanm nan yon apatman disponib pou yon kay ki pa gen plis pase de (2) adilt. Montan lwaye maksimòm CityFHEPS otorize se \$1,100 chak mwa.

Estanda peman ki anba yo se kantite maksimòm sibvansyon HRA pral peye mèt kay la nan non lokatè CityFHEPS la. Estanda peman ki anba yo se kantite maksimòm sibvansyon HRA pral peye mèt kay la nan non lokatè CityFHEPS la. Estanda peman HRA yo baze sou estanda Seksyon 8 yo adopte nan Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA).

Kritè peman yo varye selon kantite chanm ak si tout oswa kèk nan sèvis piblik yo ladan. Asire w ke w konnen ki sèvis piblik, si genyen, ki enkli nan lwaye a. Tablo ki anba a montre montan maksimòm HRA pral peye selon kantite chanm ak kalite sèvis piblik ki gen nan lwaye a, si genyen.

Estanda peman an refere a kantite maksimòm chanm HRA pral sibvansyone. Estanda peman yo « baze sèlman sou kantite moun ki abite nan kay ki jwenn èd la. HRA pral otorize yon chanm/zòn pou dòmi pou chak de (2) moun. Pa egzanp, si gen 3 moun, HRA ap peye pou jiska 2 chanm a kouche paske sa pral pèmèt 2 moun nan yon zòn pou dòmi ak 1 nan yon lòt.

Tout kantite lajan ki nan tablo anlè a valab sèlman si ou ap demenaje nan vil New York la. Si w ta gen lide demenaje kite Vil New York, men w ap toujou ret anndan Eta New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la pou w ka jwenn pri lwaye nan tout Eta a nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Kantite Moun Kay la Genyen	Kantite Chanm a Kouche	Estanda Pèman* (Valab apati 07/01/2025)
1	SRO	\$1,985
1	Estidyo	\$2,646
1 oswa 2	1	\$2,762
3 oswa 4	2	\$3,058
5 oswa 6	3	\$3,811
7 oswa 8	4	\$4,111
9 oswa 10	5	\$4,728
11 oswa 12	6	\$5,345
13 oswa 14	7	\$5,962
15 oswa 16	8	\$6,579
17 oswa 18	9	\$7,196
19 oswa 20	10	\$7,812

* Estanda pèman ki nan tablo ki anwo a se kantite maksimòm lwaye si tout sèvis piblik yo enkli nan kontra lwaye a.

E si mwen jwenn yon apatman ki gen mwens chanm pase sa ki nan lèt pou m al chèche chanm nan?

HRA ap peye estanda a selon lokasyon aktyèl la, pa sa ki sou lèt la. Pa egzanp, si lèt ou a di ou ka lwe yon apatman ak 3 chanm, men ou lwe yon apatman ak 2 chanm, nou t ap peye jiska estanda pou yon apatman 2 chanm. Si ou gen kesyon sou yon inite an patikilye w ap gade oswa nenpòt sikonstans espesyal ou kapab rankontre, mande manadjè ka ou an pou mete inite a sou revizyon.

E si mwen jwenn yon apatman ki gen plis chanm pase sa ki nan lèt pou m al chèche chanm nan?

HRA ap peye estanda a selon gwosè inite lojman ki apwopriye pou kay ou. Pa egzanp, si lèt achte ou a di ou ka lwe yon apatman ak 2 chanm, ou ka lwe yon apatman ak 3 chanm depi li satisfè estanda peman pou yon apatman 2 chanm (si w ap deplase andedan vil New York, estanda peman pou yon apatman 2 chanm se \$3,058).

E si mwen jwenn yon apatman kote montan lwaye a se menm ak tout sèvis piblik yo, men sèvis piblik yo pa ladan? Èske m ka fè yon aranjman ak pwopriyetè a pou diminye lwaye a epi m ap peye diferans la?

HRA pap peye montan pou yon apatman avèk sèvis piblik yo si pwopriyetè a pa bay sèvis sa yo. Pwopriyetè a dwe ranpli yon fòmilè ki fè HRA konnen ki sèvis piblik yo bay, si genyen. Epi non, yo pa otorize akò sou kote ak yon pwopriyetè.

Èske DSS gen lòt egzijans pou apatman an/lojman an?

Wi. Menm jan ak Seksyon 8 la, tout lwaye yo dwe pase yon tès lwaye rezonab, ki vle di fakti lwaye a pa ka depase fakti lòt lwaye yo pou inite ki menm jan nan katye a. Tès lwaye rezonab la pral fèt sèlman apre yo fin soumèt tout dokiman yo bay DSS la.

Kijan yo detèmine montan mwen dwe peye nan pri lwaye a?

Gen yon kantite faktè ki detèmine montan ou dwe peye nan pri lwaye a. Yo gen ladan kantite moun ki nan kay ou an ak revni pou chak moun nan kay la.

E si yon mèt kay di li p ap aksèpte CityFHEPS?

Mèt kay /koutye yo pa kapab refize lwe w kay paske w ap resevwa CityFHEPS. Se sa yo rele diskriminasyon akòz “Sous Revni” epi sa ilegal nan Vil New York. Si yon mèt kay refize lwe ou yon kay paske ou benefisye pwogram CityFHEPS la, tanpri rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan 212-416-0197.

Kijan m ap konnen konbyen CityFHEPS ap peye mèt kay mwen an ak konbyen m ap oblije peye?

Si nou apwouve w pou CityFHEPS, n ap voye yon avi ba ou k ap fè w konnen konbyen n ap peye mèt kay ou an ak konbyen ou dwe peye mèt kay ou an.

Epi si mèt kay mwen an di mwen dwe peye lajan anplis?

Mèt kay ou a pa kapab mande ou pou peye plis pase diferans ant lwaye a ak sa HRA ap peye a.

Tanpri sonje si alokasyon lojman ou an diminye oswa si lwaye ou a depase maksimòm lan apre premye ane, ou ap gen pou peye diferans lan.

Mèt kay ou an pa kapab mande w pou w peye yon depo garanti paske DSS ap ba yo yon kupon garanti. Si mèt kay la mande w pou w peye plis lajan, tanpri fè travayè sosyal ou an konnen sa touswit.

Ki jan peman chak mwa a fonksyone?

DSS pral bay pwopriyetè w la yon chèk chak mwa pou pòsyon CityFHEPS dwe bay pou lwaye w la.

Ki sa pou m fè si kontra lwaye m nan fè konnen tout lwaye dwe peye nan yon dat oswa pral gen frè pou reta?

Depi peman an fèt nan mwa ke lwaye a dwe a, yo pa konsidere ke li se yon pèman an reta. Yon pwopriyetè ka toujou eseye mande frè pou reta, men yo pa ka mete w deyò sèlman pou frè reta.

Èske pwopriyetè a ka pousuiv mwen lajistis pou frè reta?

Pwopriyetè a pa ka reyisi nan mennen w devan tribinal lojman an pou frè reta. Pwopriyetè a tou pa ka mennen w devan tribinal pou ti reklamasyon yo pou frè reta yo faktire pou pòsyon CityFHEPS pou lwaye. Sepandan, Yo ka mennen w devan tribinal pou ti reklamasyon an si pòsyon pa w la an reta epi yo bay fakti frè pou reta a. Si w gen difikilte pou w peye patipasyon pou fwaye w la, kontakte Homepage pou w wè ki èd ou ka jwenn Rele **311** pou jwenn adrès Homepage ki pi pre w la.

Kimoun mwen dwe rele si mwen bezwen èd oswa mwen gen yon kesyon osijè CityFHEPS?
Ou dwe toudabò pale ak travayè sosyal ou an pou nenpòt kesyon ou ta genyen.

Èske mwen gen dwa rete nan menm inite lojman an pandan tout tan m ap resevwa CityFHEPS?

Anjeneral, si ou nan yon inite ki gen pri lwaye kontwole, ou ka rete nan inite ou an. Sinon, dwa pou w rete nan inite ou an baze sou kondisyon ki nan kontra lwaye ou an.

E si revni mwen chanje epi mwen pa kapab peye kontribisyon mwen an?

Ou kapab soumèt yon demann modifikasyon bay HRA avèk nouvo dokiman sou revni ou an ki anekse. Ou kapab jwenn Demann pou yon Modifikasyon nan Kantite Sipleman Asistans pou Lwaye CityFHEPS ou a sou entènèt nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Kilè pri lwaye mwen ka ogmante?

CityFHEPS pa pwoteje w kont ogmantasyon pri lwaye apre fen kontra lwaye a. Si ou nan yon apatman ki gen pri lwaye kontwole, pri lwaye w ka ogmante dapre règleman aplikab yo sèlman. Sa gen ladan ogmantasyon nan mitan ane ki admisib yo. Ou kapab soumèt yon kontra lwaye siyen avèk kantite ki ogmante nan lwaye a ansanm ak renouvèlman ou an oswa ou kapab itilize Demann pou yon Modifikasyon nan Kantite Sipleman Asistans pou Lwaye CityFHEPS ou a sou entènèt nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Kisa k ap pase si mwen gen pwoblèm pou m peye lwaye m oswa mwen gen nenpòt lòt pwoblèm lojman?

Après w fin kite lojman an, ou kapab rantre an kontak ak sèvis suivi Homepage yo. Kontakte yo touswit si w gen pwoblèm pou peye lwaye w, ansanm ak nenpòt ogmantasyon lwaye nan renouvèlman kontra lwaye. Rele **311** pou jwenn adrès Homepage ki pi pre w la. Si ou pa p viv NYC, men ou nan NYS epi ou bezwen yo ede w ak yon transfè, tanpri rele 718-557-1399.

Ou ta Dwe Konnen

- Yon mèt kay oswa yon koutye pa kapab refize aksèpte CityFHEPS. Refi pou aksepte CityFHEPS ka reprezante yon diskriminasyon akòz sous revni dapre Lwa Vil New York sou dwa moun yo oswa Lwa Eta New York sou dwa moun yo.
- Nou entèdi akò sou kote yo. Yon akò sou kote se lè yon mèt kay oswa koutye mande ou peman davans oswa kontinyèl.
- Si yon mèt kay oswa yon koutye refize CityFHEPS oswa mande w yon lòt aranjman sou kote, tanpri rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan 212-416-0197.
- Koupon garanti HRA a konsidere kòm peman garanti. Yon mèt kay oswa yon koutye pa dwe mande w pou w peye okenn lajan anplis pou garanti.
- Koutye yo pa dwe mande w pou w peye okenn frè lòt koutye anplis paske DSS ap peye frè koutye w yo.
- Mèt kay ou an pa kapab fòse w deplase pou w ale nan yon inite apatman diferan.
- Rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan 212-416-0197 si kay ou te wè lè w te vizite a pa menm avèk sa yo pwopoze w la lè w demenaje a.

CityFHEPS menm jan ak pwogram federal Seksyon 8 la, nan sans si genyen finansman disponib, li founi èd, ki gen ladann èd pou peye lwaye nan montan presi, pou mèt kay ak lokatè ki vle fòme yon relasyon ant mèt kay ak lokatè a. Nenpòt relasyon kontra ap egziste sèlman ant chak lokatè k ap patisipe nan pwogram nan ak mèt kay chak lokatè k ap patisipe nan pwogram nan.